58. Tan pasangka-paran ningwang"/ lingira raja putriki/ Ni Kasyan dan ling ngira/ "mamu mangkana teki/ arsa sira maring kami/ tanpa anak-anak ingsun"/ samawur raja putra/ "yan sira asih maring mami/ sun arsa angaku ibu maring sira"//

59. Sigrah sira Ni Kasyan/ den rangkul ingngemban malih/ sukane kaliwat-liwat/ pakering umah neki/ anguwuh laki neki/ "Eh Kasyan papagena ingsun/ poma sira deni inggal/ abot men sira iki/ Ki Kasyan me- *-[14a]-* tu sira gagancangan//

60. Tur sarwi sira angucap/ paran ujar ireki/ anguwah-uwah ikana/ macan banteng amburunin/ Ni Kasyan nganawurin/ "lah ta glis tingal isun apa iki sun mlaka/ dudu rare emban mami/ den pun ngglis tulung embanana"//

61. Sapraptane Ki Kasyan angebanan/ sarwi sira atatakonin/ "endi genira memendak/ rare cili liwat pkik/ Ni Kasyan wuri/ ing tepi ning tegal ngiku/ rare lumaku dawak/ tanpa sangka-paran ireki/ sun takonin tan paibu tan pabapa//

62. Sami suka sakaro nira/ yata prapta umah neki/ Ni Kasyan amangkwa/ Ki Kasyan nulya glis/ sira angambil wari/ rare punika den nadus/ anulih pinisalin/ sayan wuwuh cahya luwir bulan//

63. Tan katawangi mageserira/ sarirane luwir mas sinagling/ pamu lune luwir guladrawa/ manise luwir madu gendis/ ibu bapa liwat ngasih/ tan pgat angemban pinaku/ lali sira angaturang/ woh-wohan ing Nrapti/ tan katungkul ngamongi anakira//

64. Panganten Kasyan nika/ kawula nira *-[15a]-* Sang Ngaji/ aneng negare Sangsyan/ wus lami ajeneng Ngaji/ tatana adwe siwi/ akeh nambanin/ paran dene Sang Nata tan derbe anak//

III. Puh Dangdanggula

65. //**Dang**// Sri Nalendra Sangsyan mangke angling/ paran baya sira Ni Kasyan/ lomon nora pulih mangke/ mnawi lara iku/ eh pawongan sireki/ tilik Ki Kasyan/ sambil ngalap biyu/ pawongan nulih lunga/ maring taman/ tan kawarna aneng margi raja putra kawarna//

66. Angling sira maring bibi neki/ *-[15b]-* bibi ruruha/ mangke ta sira sang nata/ akenkenan maring kene/ ati-ati sang prabu/ dening bibi tan mulih-mulih/ senengeh bibi lara/ Ni Kasyan amuwus/ masa wenten mangkana/ yata prapta/ pawongan nira sang ngaji/ anguwuh jaluk lawang//

67. "Eh Kasyan wenganana kami/ denpun nenggal/ yata Kasian/ wenganana denpun age/ wus manjing tanasantun/ ki pawongan ng ngling aris/ ingsun kinen maring rkya/ denira sang Prabu/ dening sira nor mantuka/ wuus lami ling ngira sri Narepati/ "Lah lunga - *[16a]-* pintonana//

68. Manawi akneng lara panyakit/ Ni Kasiyan"/ sira alon ngucap/ "Pan katungkul ngamonging rare/ anak misan natengsun/ sun bila den patmi/ sira maturira nrenata/ ring sawuwus ing sun/ lah sira ngalap woh-wohan/ gedang salak/ suruh lawan tambe wangi/ manggis lawan sumega//

69. Duren nangka sampun dinalapi/ kang pawongan/ umatuk ta sira/ tan suwe ing lampahe/ tanasari wus rawuh/ sampun katur woh wohan sami/ katur wakase Ki Kasyan/ tan kawarna iku/ sang nata ayun babedak/ *-[16b]-* apengarah i sakwehne pramantri/ mwah sira Ki Kasyan//

70. Raja putra mangke sira mangling/ "lah ta bapa mangke wruha nira/ sang nata pangarah mangke/ ayun babedaka besuk/ Ki Kasyan nyauri aris/ "duh kaki masa mangkana"/ yata nulih rawuh/ punang kadia pangarah/ jaluk anglawang/ wenganana tanasari/ nulya manting kang lawang//

71. Ki Kasyan sira angiring nging benjing/ abebedak angiring sang nata/ aneng rarangan pranahe/ anginepa sawengi iku/ den pratna mangke sun mulih/ mantuk ngikang pangarah/ ya tan nulih dalu/ *-[17a]-* Raja putra sira angucap/ "enjang ingwang/ amilwa ngiring sang ngaji/ arep ngingsun aninging al"//

72. Aja sira milu anak mami/ pan wong katah/ angiring sang Nata/ mandega nyawa ingkene/ kararana wong baburu/ macan banteng akeh mijil/ saweneh ana galak/ aja kaki milu/ idepna huja ring ngwang"/ raja putra/ anawuri wacana manis/ "isun milwa uga"//

73. Sri Nalendra benjang nora olih/ satuhune siji tan ngantuka/ Sri Nalendra merang bahe/ alolosa dewek ipun/ ngunjur gunung nulya *-[17b]-* amamanggih/ manjangan adwe anak/ mungsa nugal ibu/ manjangan karolan anak/ dan sang nata/ amburu nulih mati/ sang nata arerenan//

74. Ya ta prapta manjangan alit/ den ngurayangan/ ibune kang pjah/ ajerit-jerit angaras ibune/ Sri Nalendra andulu/ kang karana jroning ati/ "yan ingsun adwe anak/ luwir kadi puniku/ tingkahe ningal ingwang"/ ling sang nata/ dadi Sri Naranata mulih/ prapteng wisma tan mojar//

75. Akukup sang nata denya aguling/ analangsa/ kangen i manjangan/ *-[18a]-* bapanya nawurin mangke/ masa wenten kayeku/ salamine lunga Narapati/ akeh manjangan pjah/ tan kena kaitung/ nengakna polah ira/ ararasan enjang make kang kawarni/ adan Sri Nalendra mangkat//

76. Sri Nalendra nitih turanggi/ ya ta mintar lan prapunggawa/ muwah pramantrine kabeh/ gumuruh swaran ipun/ dening akeh kawula ngiring/ tan kawarna lampah ira/ Sang Prabu wus rawuh/ aneng tegal ing rarangan/ pramanca sadaya prasamya prapti/ muwah Ki Kasyan prapta//

77. Sang wingemban anak niki/ wirandungan anuju kaka -*[18b]*- ywan/ ring tengah tegalgene/ denpun unggah anak ireku/ adoh saking sang prabu iki/ aneng kayu punika/ raja putra anguwuh/ "eh ta buron sedaya/ pada medal angebeking tegal ngiki/ rungunen ujaring ngwang"//

78. Den gancang palajeng ireki/ aja sira k[e]na katututan/ yadian katututan mangke/ aja k[e]na sinuduk/ yadian ajakin/ yadian sira tatwa/ aja sira lampus"/ sampun sira-ling mangkana/ ya ta mara sang nata/ ngadu wadi heki/ kebek alas prawata//

79. Kang ngangadang prasamya atindih/ aneng tegal/ -*[19a]*- kuda mwah sona/ masang jaring set age/ nulya munggah sang prabu/ ring panggungan aningali/ anulih buron medal/ saking ngalas gunung/ angabeking ngarah-arah/ wong ngangadang/ pada buburu prasami/ rame siro urahan//

80. Asluran mangke punang jalemi/ buburuwa nora nana kang pjah/ sawiji tanana reke/ malah tengah nalu/ nora nana olih sawiji/ nulya rerenan/ kocapa Sang Prabu/ kaliwat meranging manah/ dadya reke/ sawiji-wiji tan polih/ sawengi-wengi tan kenidra//

81. Tengah dalu reke Sri Bupati/ nulih lunga anunggang kuda/ lunga sira prabadine/ tanana wong ngawruh/ manjing ngalas ngunjur ukir/ tumuruning prawata/ manggih tegal iku/ anangah sira ing tegal/ ya ta manggih/ manjangan ika sawiji/ manjangan adwe anak//

82. Sri Nalendra angling sira amburunin/ kang manjangan/ ing katututan/ sinudukna gigire/ anulih pjah iku/ senembleh dera nrapati/ nulih rere sang nata/ leng leng sira sang prabu/ aningali buron pjah/ nulih prapta/ anaking manjangan alit/ -*[20a]*- ibune den gurayangan//

83. Sruwi sira angrak ngerik/ den pun aras ibu kang pejah/ mekul-mekul ibune sarwi sira anyusu/ dan sang nata aningali/ teka ikang manjangan/ olas maring ibu kang pjah/ amekul-mekul ibune/ sarwi sira anyusu/ dan sang nata aningali/ teka ikang manjangan/ amicareng sajeroning ati/ yaning sun kadya mangkana//

84. Yan manira adwe siwi/ pan manusya lwah saking ngewak/ asih ibu bapane/ sarwi nangis sang prabu/ pan karasa sajroning ati/ angupeng angucapeng nala/ angung pjah kateng sun/ paran karia ageseng/ wetning dama/ tanana adwe ha -*[20b]*- nak sawiji angung pjah manira//

85. Dan sang nata munggah tanasari/ maring kuda sruwi akurana/ sruwi kadudung mangke/ sang prabu sampun rawuh/ ring paseban tumurun aglis/ saking turangga nira/ sang nata melebu/ saprapta sira neng jro pura/ nulya angling akukup tanana mosik/ prameswari ring kayuan//

86. Sri Nalendra tan kena angling/ negak polahe sang nata/ kocapa punggawa kabeh/ encang-encang sireku/ samya ngrawos punggawa patih/ ana wong ngira twa/ awruh iku lamun Sri -*[21a]*- Nalendra ilang/ nora rawuha areka paraning nrapati/ samya geger awurahan//

87. Pada ngulati sang ngaji/ aneng ngalas/ hana aneng arga/ sakweh aneng gwa reke/ sadina-dina iku/ malah lunga samya ngulati/ sawengi-wengi tan sah/ jangkep reke kalih dina nulya reren/ samya lwe tan bukti/ ya ta prasamya mantuka//

88. Prapteng wisma nira tanda mantri/ lumarisa sira maring paseban/ atetaken sira reke/ anakonin sang prabu/ awarta wong sawiji/ sang prabu sampun prapta/ rawuh ring kadatuan/ -*[21b]*- tanpa ngucap tanpa daar/ Sri Nalendra/ sakatembe prameswari/ samya kepwaning manah//

89. Ya ta pramantri samya manjing/ i jro pura umarek ta sira/ maring prameswari reke/ pada sira amatur/ paran-paran nini swari/ mangke teka mangkana/ Prameswari amuwus/ "ingsun nora wruh ing wang/ sapraptane sira datan kena hosik/ akukup tan kena buka//

90. Mangke paran tingkah neki/ amerentah/ Ki Patih umatura/ ngatur hamba reke/ hamba ngundangna dukun/ yan mangkana -*[22a]*- lunga anglis/ nulih lunga angundang/ dadukan wus rawuh/ nora kna denya anyeta/ kaemengan tiyose dudukun sami tan kena denya anyeta//

91. Tekeng dusun denya ngulati/ juru tatamba/ nora nana wikan/ juru tnung emeng twase/ nenga kana puniku/ polahe Sri Nrapati/ raden

putra kang kocapa/ sareng lan biyan ipun/ raja putra atatanya/ "Eh si bapa/ pan warta ing nagari/ ingsun nora uninga//

92. Ki Kasyan nawurin aris/ "duh pa- *-[22b]-* ngeran/ ghusti anaking ngwang/ lamun Sri Nalendra reke/ mangke nemu lara agung/ nora nana bisa nambanin/ dudukuna eh prapta muwah juru tenung/ tan kena denya anyeka"/ Raden Putra/ gumuyu sarwi angling/ "Tan sisip ngujar ngwang//

93. Kadi ujar ingsun nini nguni/ mangke bapa/ lah mulya sira/ amakta woh-woh meke"/ Ki Kasyan nulya asruh/ angalap woh-wohan glis/ sampun sira ing ngalap/ ulih adan mantuuk/ raja putra angucap/ "ingsun milu/ tumuta sira mulih"/ *-[23a]-* "aduh nyawa anaking wang//

94. Ingsun mulih maring nagari/ kantun ing kene anaking wang"/ raden putra dan linge/ "sun milu geku/ nora arep manira kari"/ ya ta nulih lumampah/ woh-wohan pinekul/ ana kira densun ngemban/ tan kawarna/ lampahe prapteng nagari/ katur punang woh-wohan//

95. Ki Kasyan mantuk maring puri/ anakira lunga alaledang/ pigir kuri gene/ Ki Patih manjing metuu/ Raja putra atatakonin/ paman patih apa ana/ karya nira iku/ *-[23b]-* nora pegat manjing medal/ patih mojar/ "inggih karya niki/ ingsun angulati tamba//

96. Sri Nalendra larane tan siniwi/ meh aseda " Raja putra mojar/ "tuhu ysn geng larane/ yakni seda sang prabu/ lamon nora katekan kapti/ kresane Sri Nalendra/ antuk manjangan sawiji/ manjangan adwe anak//

97. Disembleh ayun den bakar ri nulih prapta/ anaking manjangan/ den pekul ibune sarwi ngerak nguwuh/ den nga- *-[24a]-* ras ibune kang mati/ dan Sri Nalendra/ pradene iku/ manjangan kadi mangkana/ polah ira/ asihing ibune kang mati/ yan sun adwe anak//

98. Pan manusia luwih asih neki/ ring ibune punika ta sang nata/ welang ngati ing kalbune/ iku karaneka eku"/ sira patih wus aris/ mangke sun awawarta/ I prameswari iku/ sigrah sira Ki Kasyan/ angambil aneka den mban mulih/ prapta sireng ngudiana//

99. Sira patih ngadaton aglis/ apapagiya lawan pra- *-[24b]-* meswara/ asanding sang ngaji reke/ sira patih umatur/ "inggih swari amba ing nguni/ ing jaba ngrengah warta/ rare apitutur/ karane reke mangkana/ Sri Nalendra/ den tutur sawuwus niki/ denya awawarta//

100. Ling pitutur rare ing nguni/ kapyarsa/ denira sang nata/ sang nata buka kukube nulya tangi alungguh/ ajakluk toya asususci/ prameswari ngaturang/ nulya akemuh/ asususci Sri Nalendra/ samya bungah/ prame suwalan kipatih/ dene ungune sang nata//

101. *-[25a]-* Sri Nalendra ngandika aris/ "Eh ta patih/ rare paran mojar/ kadya mangkana tuture"/ sira patih umatur/ "anakira Ki Kasyan nguni/ awawarta maring amba"/ sang nata mangke akon ngundang"//

102. Dan Ki Patih akekenan ngalis/ angundanga/ lunga akenkenan/ tan kocaping lampahe/ Raja Putra kawuwus/ "Eh bapa wuruh ane reki/ sang nata wus wunguwa, wus waluya iku/ *-[25b]-* dening ujaring sun bapa/ Sri Nalendra/ akenkenan mariki/ angundang ngena manira//

103. Ki Kasyan ling ngira aris/ masa wenten dudu kadi sira/ angundang pan lagi rare/ paran kang sira rawuh"/ ya ta pgat wecana neki/ adan ajaluk lawang/ Ki Kasyan asruh/ amenga kang lawang/ kang ing ngutus/ angling Ki Kasyan mulih/ gawanana anakira//

104. Pangadikane sang ngaji/ denya enggal ajahang gagawan/ Ki Kasyan gupuh reke/ Raja Putra amuwus/ "Eh si bapa *-[26a]-* aja gipih/ lah payu amantuka/ embanana ingsun"/ Ki Kasyan ngararuna/ Raja Putra angling/ aja biyang nangis/ ingsun kang ngingandika//

105. Angulati usadane nrepati/ yen tan ingwang angusadane sang nata/ nora duwe anak reke sigrah nulih metu Ki Kasyan ngemban anak neki/ tan kawarna ing lampah/ prapteng negara sampun/ nulih mereking sang nata/ ijro pingsan/ prapta nembah ing nrepati/ sarwi sira mangku boncah//

106. Sri Nalendra mesem angling/ Ki Kasyan iki anakira/ Ki Kasyan matur reke/ anembah sang prabu/ *-[26b]-* "Inggih iki paduka aji"/ sang nata ngandika/ "Eh teka kiwong ngabagus/ tuhu sira awawarta/ ring ki patih"/ Raja Putra asung bakti/ maturing sang nata//

107. Tuhu amba awawarteng patih/ karana amba olas maring Twan/ yan tan hamba pitutur reke/ tan wande tuwan lampus"/ asemu guyu sang nata angling/ "kaki den tulusi ira/ arerama rengsun/ ulatna tamba ning wang/ lamun ingsun/ dwe anaki denireki/ sunaku mantu sira//

108. Raja Putra mesem sruwi angling/ "Inggih hamba/ *-[27a]-* ngulati usada/ yen tan hamba ngulati mangke/ twan anderbe sunu/ yen kawula ngulati/ pasti twan anderbe putra/ anging lama ambeku/ kawula angulati usada/ pan adoh/ prenahhe usada iki"/ sang nata ngandika//

109. Niswari ambilna aglis/ arta dina kalih atus ika/ praswari ngambil age/ pinisilin wus rawuh/ nulih sinurare cili/ tinagapan sampun/ nulya pamit Raja Putra/ atur sembah/ "lah lunga ta sira kaki"/ Raja Putra ahot sekar abot skar//

IV. Puh Durma

110. //**Dur**// Ki Kasyan nulya ngemban- *-[27b]-* anakira amijiling panca nitih/ tan kawarneng marga/ angling prapta ing taman/ kapanggih lan ibu neki/ sampun awawarah/ pangadikane sang ngaji//

111. Ni Kasyan anangis lara-lara/ "duh anakisun iki/ woh ing ati ningwang/ pisah sun lan sira/ nora wende ingsun mati/ yang sira lunga/ sun tumut sira kaki".

112. Raja Putra angling"/ duh biyang ing ngwang/ katun sira ing riki/ nora sun lawas/ den becik biyang katun/ yan sira tumuting kami/ nora antuka/ usadana Sri Bupati"//

113. Ya ta medal Raja Putra saking taman/ alon-alon *-[28a]-* lumaris/ ibu bapanya/ kari nangis ing wisma/ abanting-banting rageki/ sakaranya/ anangis ngerak-ngerik//

114. Wedi nal tri tan pegat ageng brangt/ kangening anak niki/ lali sandang pangan/ latri tan kena nidra/ luwir wong ngedan pola neki/ neng kena punika/ polah ira ingkang kari//

115. Kangocapa Raja Putra ingkang lunga/ ateteken lalidi/ ing ngaren sanunggal/ dina latri lumampah/ mrakancana angimbang-imbangin/ aneng gegana/ tumut saparan neki//

116. Pirang dina deni- *-[28b]-* ra mangke lumampah/ alas gunung kawiking/ ya ta amanggih/tegal/ sajabarekang tegal/ kebek ning ulah sami/ dan Raja Putra/ linga ulah sami//

117. Uruhan nira yen nisun iki utusan/ ratu Sangsyan kang nagari/ ingsun putra nira/ Raja ing Puspakrama"/ pada sumigah sireki/ ulah sadaya/ apyak kanan kiri//

118. Raja Putra lumaris merge tengah/ liwat alas agung ngiki/ manggih kang tegal/ kalintang denya jembar/ kebek dening kalejengking/ prasamya mara/ arep pada cokotin//

119. Sasambate kadi ruminan/ *-[29a]-* Kalajengking piak sami/ ya ta luwita/ raja putra lumampah/ ya ta magih tegal malih/ isining naga/ arep pada cokotin//

120. Raja Putra "Eh ulah sira sadaya/ sami migah sadidik/ ingsun luwiwata/ angulati usada/ usada nira Sri Bupati/ saking Sangsyan"/ naga mulih gumingsir//

121. Margeng tnang raja lumiwata/ manggih tgal malih/ kebeking ngarah-arah/ leledesa ika lumiwata/ ayun pada amaranin/ ing sang Raja Putra/ mangke sira angling ngaris//

122. "Eh leledes weruhan nira ingsun utusan/ sira Sri Bupati/ *-[29b]-* sang nateng Sangsyan/ angulati usada"/ leledes sumigah sadidik/ anggawe marga/ raja putra lumaris//

123. Manggih celeng kebeking ngarah-arah/ celeng pada ngungsi/ Raja Putra ngucap/ "Eh celeng wuruhan nira/ ingsun ing ngutus dera Nrapati/ sakin Sangsyan/ angulati tatamba eki//

124. Lah lumugah marga nisun lumiwata"/ ya ta celeng gumingsir/ raja putra mentasa/ dina lumampah/ nulya malih mamanggih/ manjangan katah/ manjangan amaksanin//

125. Raja Putra alon denira ngandika kadi ling rumihin/ *-[30a]-* ya ta manjangan/ sadaya samya apyak/ lumiring raja putra iki/ malih mamendak lembu kang katah/ kebeking tegal malih//

126. "Eh lembu wuruhan nira/ puniki utusan/ raja Sangsyan kang nagari angulati usada/ ingsun putra sira ta sang ngaji/ ing negareng Puspakrama/ putrane amung satunggil"//

127. Kang alurahing negareng Puspakrama, nulih lembu gumingsir/ laris lumiwata ya ta manggih tegal kaliwat jembar neki rimong ingkana/ sadaya arep cokotin//

128. Raja Putra -*[30b]*- "Eh ri, mong weruhan nira/ yan ingsun putra sang ngaji/ sang nata ing Puspakrama/ ingatur dera sang nata ing Sangsyan angulati usada nira nulih ri mong ngumingsir//

129. Samya pyak raja Putra luwinata manjing ing wana adri/ gunung wus kaliwatan amanggih arah-arah sajembare kebek dening asti/ pada amendak/ sami arsa angapungin//

130. Arep pada anujah raja Putra/ mesem raja Putraangling/ "Eh liman waruha nira/ ingsun putra/ raja Puspakrama luwih/ lan karya ing ngwang/ ing ngasuda dera Nrapati//

131. -*[31a] : kosong.*

-*[31b]*- Angulating usada raja Sangsyan/ nora nana adwe siwi"/ suminggah ta sira/ marga ningsun lumimiwata/ sami tumungkul kang ngasti/ raja putra lumaris//

132. Wira-wiradinane mangke lumampah/ dina latri lumaris/ munggah ing prawata/ tumurun maring ngalas/ mijiling tgalamanggih/ taining singa/ tan doh kadi ukir//

133. Raja Putra angucap "taining ngapa/ tatumpu kadi ukir/ luwir apa kdenya" malih sira lumampah/ amanggih ayun neki/ kadi telaga/ ayun napa iki//

134. Luwir telaga mayura kayang ngapa -*[32a]*- agung neka/ kang ngadwe uuh neki/ ya ta Raja Putra/ amlih sira lumampah/ amedek dasang ring ngukir/ cingak punika/ gongas gandaning jalmi//

135. Sayan ngongas ganda nira raja putra/ singa punikaangling/ sarwi ngulatna/ endi gandaning manusya/ pun singa nulih ningalin/ i raja putra/ anulih angrak ngerik//

136. "Ko jalma tan wandes sira matya/ endi parani nireki/ malaywa ageseng/ tan wande katututan"/ raja putra mangke angling/ yan tan weruha sira/ ing dutsne sang ngaji//

137. Ing Sangsyan kineken ngulati usada/ sang nata tanpa siwi/ wuruhaning wang/ *-[32b]-* Putrane Sri Nalendra/ ing Puspakrama kangnagari/ amung manira/ putra nira Nrapati//

138. Amyarsa wuwuse sang raja putra/ singa welasing ngati/ urung sira mamangsa/ singa darung mangke kocapa/ "yan mangkana anak mami/ pakaryanira/ mangke sun mulih//

139. Raja Putra angling lah sakrasa nira/ sun sumut sira mangkin/ ya ta umantuka/ singa darung maring ngutan/ sareng lawan raja putreki/ umanjing gwa/ pun singa darung mangke angling//

140. "Duh anakingsun nging mangke karya nira/ ayuwa olang ngati mangkin/ areren ta sira/ maring *-[33a]-* wisma bapa/ yan singa lunga makin/ nora antuka/ usada nenrapati//

141. Apan doh prenahe punang usada/ sun warah sira kaki/ egene punika/ ana ing gustining wang/ ipun saking Maligeki/ arani ikmat/ agunge sakameri//

142. Sakrasane tin[e]kan dining Ikmat/ Raja putra anauri/ "Eh manira bapa/ anut saperentah bapa/ yadyan lama sun nganteni sakrasa bapa"/ pun singa derung angling//

143. "Lah ing kene antenana anak ingwang/ krana ing sun niki/ augu kang telaga/ *-[33b]-* anegih ing luhur arga/ ikang adwe puniki/ ghusti manira/ aderbe ing telaga iki//

144. Pangadusan Sang Putri ing telaga ika/anging ta adus neki/ sapisan sawarsa/ iku den antinana/ ya ta raja putra anganti/ ing umah ing singa/ alami dening anganti//

145. Kocap sang nata ing Malingya/ agung nyakrawati/ tan ana sa samenya/ isining angkasa/ putra sapta akeh neki/ samya ayu pelak/ tanana kang tumanding//

146. Wedananya kadi sasih kang purnama/ prawakan alus kuning/ ewir *-[34a]-* kadi kencana/ wawu kang senepuhan/ rema maka panjang wilis/ pamulunira/ manise luwir madu gendis//

147. Susumpenya luwir nyuhdanta kang kembar/ kakemben pitung lapis/ katon maya-maya/ getrane sang putri tumdaka/ angadusingi

tlageki/ aneng luhur telaga/ ya ta sang putri adan/ abusana asrih/ angrawit/ sasaptanira/ misor gambarnya aglis//

V. Puh Sinom

148. //**Sinom**// Yata sang putri tumedak/ tumurun saking langit/ samya mugiying nga- *-[34b]-* mpararan/ tananasari nulih prapti/ aneng telaga sumilir pranahe telageku/ ingkang tunggung ika/ dening singa darung iki/ ya ta tumdak sang putri saking amparan//

149. Samya mara ing talaga/ praptane pinggiriwari/ samya ngucul samya nulya adusing Sang Putri/ yata sang putri sami/ kangadusi telaga eki/ kocap raja putra/ kang neng gwa inguni/ ing wisman pun singa darung punika//

150. Pun singa darung ngucap/ "raja putra anak mami/ lah lunga mangke sira/ mungah ing luhuring ngardi/ intipna saputri aneng talaga kang ngadus/ colongngena kang wastra/ *-[35a]-* arapone sira iki/ rarasan kalawan sang putri ika//

151. Aglisira raja putra/ lumaris luhuring ukir/ praptane luhuring arga raja putra angintip-ngintip/ sang putri aneng wari/ nulya cinolongan kampuh/ katuju kampuhnya/ putri aruju kang kna/ sang suputri tan weruh kembali niwastra//

152. Sawuwuse denya asiram/sami mentang sang suputri/samya sira anambut wastra/ asinjang saputri/ sampun asinjang/ tanana kampuh ireki/ atanya "kakang *-[35b]-* ngendi kampuh ingngwang"//

153. Sang putri nem ngangucap/ nora wruh ingsun yayi/ manwa ana manusya/ sami sira angulati/ katon dane sang suputri/ sang raja putra alungguh/ sang putri kaget sadaya/ iku manusya sawiji/ manawi ya wong ika angambilna//

154. Aro nugati nakonan/ ya tinakonan sami/ "mangke sun ngatatanya/ maring sireku/ atawa sun tebusa"/ Raja Putra anawu *-[36a]-* rin/ "dudu isun angambil kampuhira"//

155. Wong ngadusa nora wruh ing ngwang/ sang putri ngasih-asih/ "kaki aja mangkana/ sun tebus kampuh mami/ sakrasa nira kaki/ manira suka ngasung"/ samawur raja putra/ "lamun mangkana nini/ aro nuga sun ngruruh kampuhira//

156. Mnawi reke kapendak/ angisun atakon jati/ saking pundi pinakanta/ lan sapa adwe siwi/ sang putri anawuri/ "yayi kiwruha nireku/ sun warahnan den wakca/ sun putrane sri bupati/ saking luhur langit nagara/ *-[36b]-* manira//

157. Desa Malige namanya/ ratu agung nyakrawati/ tanana sasamaning nata/ putra sapta samya istri/ ingsun puniki sami/ putra sang ngahulun"/ angima nira atatanya/ "kaki den warahna jati/ saking pundi miwah ta negara nira//

158. Lan sapa adwe putra/ lan sapa krya nireki/ lah warahnaden wakca"/ raja putra ling nya aris/ "sunputra ning nrapati/ ing puspakraman kang linuhung/ bala padanata/ karya nisun tekeng riki/ angulati usaha nira Sri Nalen- *-[37a]-* dra//

159. Negara nira I Sangsyan/ nora nana adwe siwi/ sang putri alon ngucap/ "yen mangkana kraya niki/ wehna kampuh mami sakuweh usada luung"/ ling ngira raja putra/ "sun weh lamun siapti/ ana geni sun angawula maring sira//

160. Sun srah jiwa raga/ muah tekeng urip pati/ sedaya karerah ing sira/ yan sira arepna eki/ sun weh kampuh ireki/ yan nora arsa kaheku/ sun tan weh kampuh ira"/ sang putri alon nawuri/ "ing ngarsa makenya ka- *-[37b]-* kampuh ing ngwang"//

161. Raja putra asung sinjang sarwi agra amaranin/ amanis wiji ling sapta/ kadi madu juruh gendis/ lah sinjang ngemans ku yayi/ sang putri nulya akampuh/ sinjang lapis sapta/ katom maya-maya kahaksi/ gatra nira wong kadi tanpa sinjang//

162. Angling sira raja putra/ pangeran dan tulus asih/ ngawulayang kawula Dewa/ pan hamba wong kawelas asih/ tan uru hamba prapti/ ing negara andikeku yen kawula prapta ingkana/ pomadika den tulus asih/ sang suputri tumukul *-[38a]-* wiliji waspa//

163. Karasa sajero ni nala/ walase sang raja putri/ sang Putri malih angucap/ wekasan sang Putri angling/ "duh mas pangeran mami/ tan kena lali amba ikuu/ mangke hamba setiahana/ tanana palaki-laki mami/ ya nika satya amba maring andika//

164. Raja Putra alon ucap/ amanis wacana aris/ sarwi sira ngrangkul sang dyah/ angaras tengah sang Putri/ pan amba nora urung prapti/

tanpa rabi-rabi ambeku/ yan tan ndika masnyawa/ sampun satya kalih/ ya ta -*[38b]*- pamit sang Putri maring Raja Putra//

165. Nulya pamit Raja Putra sang Putri munggweng ngamparin/ an pgat dinya memekas/ sasapta wus munggah sami/ munggahi ngawyati/ malih sang putri amuwus/ "den becik dikantun/ pan hamba nora lali"/ Raja Putra angling "lah lunga pangeran//

166. Den becik dikaneng marga/ amba nora urung prapti"/ risampunira mangkana/ sang putri munggahing langit/ tan kocapaneng margi/ prapteng luhur langit sampun/ wus manjing jro kadatyan nengakna sang putri/ kang kocapa raja putra wus tumedak//

167. -*[39a]*- Umanjing gwaning singa/ pun singa darung makya ang ling/ kayang ngapa anak inggwang/ olih atawa tan polih/ raja putra linya aris/ "woh bapa olih katengsuh/ skadi karep ing gwang/ ing lunga munggahing langit/ singa darung angling paran tingkah ira"//

168. Munggahing luhur angkasa/ pan marga ing gwayati/ tur adoh tan sapira"/ raja putra angling aris/ "sakedah-kedah mami/ eh bapa amit kateng sun"/ "la lunga anaking ngwang/ den becik sira neng margi"/ raja putra aglisa denira lumampah//

169. -*[39b]*- wus medal saking jroning gwa/ anulih munggahing ngardi/ prapta ing luhur ngadega/ ing ngubeta teka niki/ lalidi haren niki/ ya ta mrak kancana rawuh/ angucap raja putra/ "Eh mrak kancana gawanen mami/ maring luhur langit maring desa Malingya//

170. Pun merak lingira ngucap/ "sandika twan amba ngiring/ linggih hna gigir amba"/ Raja Putra nulya linggih/ mrak kancana aglis/ miber sira minduhur/ malesat maring ngambara/ awor lawan mega putih/ pirang dina prapta ing busanugal//

171. "Eh -*[40a]*- Mrakancana reren ingngwang/ sadina neng reki/ enjang malih angambara/ prapta ing bumi ping kalih/ sadina uga neng reku/ enjang sira lumampah/ muluk maring ngwayati/ nulya prapta ing bumi tatigaika//

172. Sadina aneng kana/ miber minduhur malik/ prapta ing bumi ping pat/ sadina uga neriki/ miber minduhur malih/ pirang dina aneng ngenun/ prapta ing gumi pune lima/ irika nginep sawengi/ enjang malik miber ngambara//

173. Kadi mrasuda/ pahiberre ngungsi langit/ mrakencana *-[40b]-* na nika/ sampun prapta luwur langit/ manjing luwra langit umulih/ lumaris lampahira sampun/ parapta i desa Maligya/ Raja Putra tumedun aglis/ saking mrakencana ngandek sira//

174. Mrakancana lunga ta sira/ angulati sira bukti/ nulya miber punang mrak/ Raja Putra dan lumaris/ manjing lawang kuteki/ kang ngatunggu lawang andalu/ nora nana wong bapa/ lumaris raja putraki/ prapteng ngalun-ngalun alinggih sira//

175. *-[41a]-* Dadya ana wong wanodya/ sawiji angambil wari/ pawongan Raja Putra/ menta sigrah aneng riki/ Raja Putra angling ngaris/ "Eh wadon atataken ingsun/ sapa adrebe kadayan"/ niwadon punika angling "singgih iki kdaton igusti ningwang"//

176. Raja Putra ngandika/ kang ngamuter ring wyati/ tanana sasana ninata/ raja putra ngandika aris/ "sun waka sira nini/ sun teda asih ireku"/ niwadon sumawura/ "lah sapa *-[41b]-* wakna makin/ yan mangkana ingsun awakasing sira//

177. Atura kna manira/ datenging sang raja putri/ wenten kawula tuwan/ wawu teka ing sor langit/ lanang cili sawiji/ ayuna marek ngiku/ poma ngaturakna"/ wadon punika lih nuhun toya manjing aneng jero pura//

178. Sampuning ngaturunang oya/ nuli mareking sang putri/ kawula mareking sang putri/ atur wawekas ngamba iki/ wenten kawula cili/ sawiji saking sor riku/ bagusing warnanira/ abuna marek sang *-[42a]-* putri/ sang suputri kaget amiarsa//

179. Lingira Raja Putra/ ingngedi genira alinggih/ rare ika wawu prapta/ pawongan ngumatura ris/ sang winembahing sang putri/ wenten aneng ngalun-ngalun/ alinggih pribadinya/ linggira sang raja putri/ "lah undange namerenya den negal//

180. Pawongan aglis lunga/ angundanga Raja putri/ prapta ing jaba angucap/ "Eh rare ingngutus mami/ angudanga sireki/ sang suputri ika ingutus/ lah reke amantuka"/ dan Raja Putra *-[42b]-* lumaris/ nulya munggahing bencingah wijil sapisan//

181. Raja Putra ayuna rerenan/ pawongan punika angling/ "Lah ta reke lumarisa"/ raja putra nulya manjing/ aneng wijila pikalih/ ayuna

reren aneng reku/ anglis punang pawongan/ "Eh aja kangdageng riki"/ lumaris anulih kadeging lawang//

182. Prapta wijil ping tiga/ anulih reka sang putri/ amapaging Raja Putra/ sang suputri/ nulya aglis/ antawa tangan nireki/ Raja Putra wus tinuntun/ mantuk aneng jro pingsan/ amba lan sang *-[43a]-* suputri/ muah pawongan ngamba lan amba lan aneng nguntat//

183. Sampun prapta kadangtyan/ alinggih ing patangkan rukmin/ tanana kasoran cahya/ suka pawongan ningali/ tan nasue nulih prapti/ dadaharan sampun rawuh/ anulih adahar sami/ sampun sira arsa sami/ malih prapti kangwoh-wohan//

184. Anulih adahar woh-wohan/ anulih adaar sami/ sampun sira daar woh-wohan sang putri kinen ngambila/ dodot kampuh ikang ngardi/ sabuk destar angarawit/ *-[43b]-* tanasari nulih rawuh/ wadah tinanampermas/ kencana masinukir ya ta raja putra-putri maring taman//

185. Angiringing dening pawongan/ weh anampa pinisilin/ prapteng taman nulya awang/ samya pantelesan putih/ raja putra nulih/ adus lawan nini galuh/ ing pancoran kancana/ warna garuda ing ngukir/ samya adus kinosokan Raja Putra//

186. Sampun samya asiram/ samya mentas nambut panisalin/ nulya sinjang lapis sapta/ *-[44a]-* katon maya-maya kaaksi kekebenira iki/ pade reke alpis pitu/ gatrane kang payodara/ luwir nyuh danta yen linii/ cahyanira kadi surem kang giwakara//

187. Raja Putri wus asininjang/ patola natar ngarawit/ sabuk sinulam pemas/ tekuluk petak ngawilis/ dodot ijo kang tangi/ sinulam pinggiripun/ ri tengah pinarada tanaretes mas angarawit/ cahyanya lwir sasih kang purnama//

188. Tatkalane wawu mdal/ tanana *-[44b]-* mega nawengin/ wus tinerep ngura rembar/ muah lawan lengis wangi/ mrebuk ganti daning wengi/ yata prasamya mantuk sampun prapta i wisma/ pawongan ngayat sami/ nulya adan umarek samyakasmaran//

VI. Puh Semarandana

189. //**Se ta ya**// Ya ta prasamya lumaris/ Raden dewi aneng ngarsa/ Raja Putra ngurine/ angiring deni pawongan ambal-ambalan ing nguntat/ samya pelak warnanipun/ kadi citra sinaliran//

190. Wus prapta joga sang putri/ sadaya manjing joga nulia mareking sang katong/ *-[45a]-* Sang nata maksi agulinga/ lan prameswari nira/ ya ta sang putri wus rawuh/ anamba mara ing jeng rama//

191. Sang nata kagiat ngatangi/ alinggih lan rabi nira/ sarwi ngadika sang katong/ "aduh jiwi anak inggwang/ paran karyanira/ umareking dateng iri sun warahna den wakca//

192. Den babar rikala seki/ kang nganeng luhur kalasa"/ pramadani alus mangke/ "lah ligya anaking wang"/ ya ta Raja Juwita sasaptane samya alungguh/ sareng Raja Putra//

193. Kadi citra mugeng klir/ pawongan atapi nguntat/ luwir Hyang *-[45b]-* Semara yan tinon/ suka tyasa sang nata/ mesem sarwi angucap/ "aduh nyawa anak ingsun/ lan sapa rewang nira nyawa"//

194. Raden Dewi matur bakti/ matur dateng i sang nata/ "hamba matur lengganane durung amba sahuninga/ agung sinampura amba/ mangke amba atur bendu/ moga sinampura amba//

195. Duk amba tedun ing ukir/ adus dateng nging talaga"/ tinutur sapolah tingkahe/ duk apanggih raja putra/ kabeh sampun tinatah katur *-[46a]-* ring ramanipun/ mangke iki sampun prapta//

196. Paran kayu tuwan makin/ sang nata mesem angucap/ "yen mongkono anak ingong/ paran ujaran nira/ pan sira asatya/ amgke ingsun teka anut/ isun teka anuta ing titah Hyang ng-Agung/ kang ngaburba ing ngawisesa//

197. "Eh Raja Putra anak mami/ mangke isun ngaranana/ "Jayang Angkasa" *-[46b]-* arane/ Raja Putra awotsar/ rerepa soring bapa/ Lan Raja Putri sapteku/ samya ngabakti ing rama//

198. Yata ngunjungi sang putri/ muah sira raja putra tinagepan kesalime/ ring sampunira mangkana/ mijil sri naranata/ angiring parekan nipun/ sang nata maring paseban//

199. Muwah patih tanda mantri/ pepek anang jro paseban/ sang nata ngandika alon/ "Eh patih mangku praja/ muah mantri sedaya/ sira sun uninga sireku/ yen isun drehe datengan//

200. Dateng saking sor langit/ putra nira sri na- *-[47a]-* lendra/ Puspakrama nagarane/ agung bala nata/ putra amung sanunggal/ punika tatami nisun/ mangke sun angundang//

201. Tatami saking sor riki/ "eh rare lunga den negal/ undanganga den sun nage"/ wus kaundang Raja Putra/ tan suwe wus prapta/ anembah ngiring ipungkur/ gawok sakehing tuminggal//

202. Dene cahya sasih/ tanana mega nawenga/ sira patih matur alon/ "paran karya prapta tuwan"/ mesem sang nata mojar/ "Eh patih Wruan riku/ mangke prakaraneka//

203. *-[47b]-* Tinutur dera nrepati/ dukala putri lunga tumedak/ tinutur tingkah polahe/ tenedatan duka sama daya/ muah polah tingkah nya/ sadaya telas tinutur/ dening sira Sri Nalendra//

204. Sira patih matur raris/ "ing maangke sampun mangkana/ paranta krasa sang katong"/ amba adahing ngandika/ sang nata aris mojar/ "Eh ta patih yen karep isun/ mangke isun temonana//

205. Pan puniki putri Aji/ Agung nganeng nagaranya/ muah warna pkik anom"/ patih Mangku ..... *-[48a]-* praja anmebah/ "ngiring amba mri tuwan/ ri kresa sangawulan/ enak amba apangarah"//

206. Lingarsa Sri Narapati/ "arepingon anikahna/ warna bala kabeh"/ risampunira makana/ sang nata ngadatyan/ Raja Putra tumut mantuk/ Sareng lawan Sri Nalendra//

207. Pungga lawan patih/ sami buabar ring paseban/ umanjing wismanya/ nulya sira alinggar/ pada sira apangarah/ tepisiring detan nantun/ muah aneng padesan//

208. Telah *-[48b]-* ing ngarahan sami/ mantuk maring jronegara/ muah lanang wadon/ mako/ sesek nganeng jro negara/ wenten mendok ing jaba/ kadi karang aneng lawut/ angider ikang nagara//

209. Kocap Sri Narapati/ amedalaken upacara/ kanganama prasamya age/ busana kampuh mulya-mulya/ sampun ramya tinatah/ gamelan mulya ambarung/ tatkala nitatangran//

210. Gamelan umung gumirih/ saupacara wus atatah/ akeh wong anonton sareko/ sesek tanpa wila- - *"[49a]"* ngan/ Raja Putra aneng nguntat/ sang Raja Putri ring ngayun/ aneng jempana ukiran//

211. Tur tinerepan mas angrawit/ nulya sira aglar/ wong nganonton samya gawok/ yan sinulu rupanika/ kadi serengngenge kembar/ tatkalanewawu mwtu/ cahyane gila gumilang//

212. Rame surak muang bedil/ ambarung tanpa rungwa/ akeh wong nganonton/ wong buta tinuntana/ mwah wong tuli ika samya sirapada andalu/ sampun kaideran kang negara//

213. Nulya pada *-[49b]-* sareng alinggih/ munggah maring papajangan/ luwih sorga papajangane/ pendeta samya ringkana/ samya alinggih atatah/ anikahaken raj sunu/ sampun sira banikah//

214. Rame surak muah bedil/ ambarung punang gambelan/ raja putra-putri alon/ mantuk maring jro pura/ munggah maring pajineman/ warna nira luwih ayu/ pajineman luwir sorga//

215. Kapanggih sang putri/ kalawan sang raja putra/ tan kocapa polahe/ kocapa kang .... *-[50a]-* nganeng jaba/ samya alinggih atatah/ istri sama istri nipun/ kang lanang//

216. Papudutan sami mijil/ lumintu saking jero pura/ katur dateng sang katong/ muah patih pra punggawa/ samya alinggih atatah/ prasamya amangan nginum/ dina latri asusukan//

217. Tan pegat rahina wengi/ samya ing ngancaran mangko/ saakening punggawa/ wastra kampuh mulya/ mwah wong kawulanipun/ samya sinungan//

218. Rame surak muah bedil/ *-[50b]-* Sri Nalendara sampun bubar/ mantuking jro kadeton/ maring wisma swang-swang/ mwah wong samadaya/ wong padesaan samya mantuk samya tlas pangundangta//

VII. Puh Pangkur

219. ***//Pang//*** Kocapa Sri Naranata/ langkung suka nira tan sipi/ adrebe mantuluhung/ tur tos ratu nyakra/ sang nata tan pgat kinanti mantu/ muah prameswari nira/ langkung suka nira tansipi//

220. Mwah prasana kira/ datanana reka mical kapti/ tansah akalian iku/ lan sang nata dulurnya/ pan ka -*[51a]*- liwat asihnya kalngkung-langkung/ tanana kasel i manah/ langkung denira amuji//

221. Mwah mantri samadaya/ agung alit sukanira tan sipi/ tan pegat rahina dalu/ sesek aneng paseban/ lali maring umahe wong ngalit agung/ dena sukane kalintang/ luluting raja putreki//

222. Nengakna polah ira/ Sri Nalendara mangke winarni/ ngandika ing raja sunu/ "ing mangke ngarep ing wang/ sun srah sakaraton maring sireku/ mwah padnegan ingwang/ sira ngentan aji//

223. Raja Putra umatu -*[51b]*- ra/ maring sira Sri Nrapati/ "atut pangartika sang ngahulun/ maring amba punika twan/ pan amba wong dunya/ twan prabu ing langit//

224. Kasor mulih maring sor rika/ kang jumeneng ing luhur ugi"/ sang prabu mangke muwus/ "yan mangkana anaking gwang/ parana mangke wuwus ingsun ring seireku/ anging pandama nira/ gawana ari nireki//

225. Mwah nagara sasigar/ sira bakta mwah karatonireki/ mwah sapadrebene tumut/ paica mwah kuda/ -*[52a]*- Raja Putra amatur dateng sang prabu/ "amba nda asih twan/ dene amba wus lami//

226. Amba nda pamit maring twan/ ayun namba mantuk maring soriki/ tur reke amba ing gutus/ angulati usada/ dening Raja Sangsyan tan drebe dunu/ amba nda maring twan/ usadane Sri Bupati//

226. Amba nda pamit maring twan/ ayun namba mantuk maring soriki/ tur reke amba ing gutus/ angulati usada/ dening Raja Sangsyan tan drebe dunu/ amba nda maring twan/ usadane Sri Bupati//

227. Amba nda maring twan/ Ikmat nganeng puncaki Maligeki"/ sang nata mesem awuwus/ "duh kaki anaking ngwang/ arep isun sira ageten isun/ nora nana yanan si -- *[52b]- ra/* kang hogia aganten mami"//

228. Sang nata malih ngandika/ "nini putri lunga sira angambila/ ikmat nganeng luhur/ ing puncaking maligya"/ sigrah raja putri angambil tanasantun/ katur dateng ing kang rama/ ikmat tinampa aglis//

229. Agunge ikmat punika/ lwir kameri mancur warna nireki/ ana ireng ana dadu/ ana kuning ana petak/ nulih binuka ikmat den nasruh/ dening sira sri nranta/ den sira sang prabu aglis//

230. Amanjingken *-[53a]- aksana/* sakarotoning sang putri/ wus majing jro ikmat iku/ lanpawongan ira sadaya/ mwah karaton nitlas tanana kantun/ malih nagara sasigar/ manjing nora nana kari//

231. Punggawa lan garyanira/ mwah sadrebene tanana kari/ amanjing jro ikmat iku/ ring sampun nira mang kana/ tinutupan ikmat tanansantun/ dan sinungsang sara putra/ ikmat dera nrapati//

232. Sang raja putra anembah/ anampanen ikmat tanasari/ nulya bununtel asruh/ ring dastare *-[53b]-* punika/ Raja Putra anambah pamiting sang prabu/ mwah maring pramweswara/ anuun sahatur pamit//

233. Mwah sira Raja Jwita/ kang nama raja putra apamit/ lingira sira sang prabu/ "duh nya ana king ngwang/ lah lunga den becik sira neng ngenu/ aja sira olang driya/ nora nana ambahanin//

234. Raja Putra asung salam/ ring sang nata angara suka kalih/ sampun ingmangkana neku/ mijil sira Raja Putra/ prapteng jaba anulih ngadek tanana santun/ *-[54a]-* lalidi kang pinecutan/ ya ta rawuh merakencana aglis//

235. Sarawuhe punang merak/ raja putra alinggih ing gigir neki/ mrakancana nulya asruh/ miber maring sor ika/ saking glis lampahira tanana santun/ wus prapta madyantara/ rahaden tumedun aglis//

236. Nengakna lampahira/ Raja Putra jim selam kang kawarni/ ing bumi ping limeku/ nama ratu Asrak/ kadatengan musuh detya iku/ tanpa wilangan katah neka/ angepung punang negari//

VIII. Puh Durma

237. ***//Durma//*** Prabu Asrak aris dinira ngandika/ "Eh patih arsa mami/ palayu pada mdal/ angumuk detya ika/ bala jim akeh mati/ along-linongan/ kaburu bala jim//

238. Ngungsi nagara tinurut dening detya/ sampun manjing kuteki/ anginep kang lawang/ detya samya angepung/ angiring kang nagari/ punang jim katah/ tan kawasan angalawanin//

239. Dene ambune ambis bacin suka/ Raja Asrak mangke angeling/ "Eh prapunggawa/ *-[55a]-* mangke paran solahanta/ dening detya angepungin/ gandane kaliwat/ kalintang amis bacin//

240. Tan kowasa dening gandaning detya/ arepada lolos sami/ atilar nagara/ kipatih umatura/ "nora nana kawasa/ angalawana/ detya danawa iki//

241. Tan kawasan kawulad dening ganda/ mangke atur pati kaji/ mnawi katututan/ ri sadine rong dina/ dan namba linga pamit/ angulatna/ amba ing luhur langit"//

242. *-[55b]-* "Yen mangkana kangkang patih lah lungaha"/ ki patih nulya pamit mijiling paseban/ munggahing ngawang-ngawang/ anuju ing lawan langit/ ghancange ika/ tan pendak kadi anuju ing lawan langit/ ghancange ika/ tan pendek kadi angin//

243. Tan suwe awor lawan jaladara/ yata nulih kapanggih/ lawan Raja Putra/ aneng madya natawang/ sira patih amaranin/ ing Raja Putra/ sruwi atatakonin//

244. Wong bagus saking pundi pinakanta/ ing ngendi piran makin/ raja putra mojar/ *-[56a]-* "Eh paman awuruha nira/ wong dunia manira iki/ angulatna/ usadane sri bupati//

245. Aneng negara sangsyan ratu punika/ nora nana dwe siwi/ mangke sun umantuka"/ sira patih alon ngucap/ "wong anom weruha nireki/ karya manira/ ing ngutus dera nrepati//

246. Saking desa Asrak angulatna/ wong prayogia bantuni/ karane sang nata/ kinupung dening detya/ tanana wani medali/ dening ambunya/ kaliwat amis bacian//

247. Manawya paka nira kang kawa ... *-[56b]-* sa/angalawaning raksasi/ yen kalah denira/ agung ganjarani"/ Raja Putra awurin/ "lamun mangkana/ sun coba nadimin"//

248. Dan lingira kipatih payu lumampah/ sareng kalawan mami/ mantuk maring Asrak/ ya ta sira lumampah/ tan kawarna sireng margi glising carita/ prapteng luhur nagari//

249. Yatna sira kipatih nujeng paseban/ prapta ing panca nitih/ lumaris manjinga/ medek sira anembah/ sinampa dera nrapti/ "Eh *-[57a]-* patih kaya ngapa/ sira aglis ngawali"//

250. "Singgih patibbara katemu kawula ing marga/ krana amba glis wali/ amba memendak/ wang dunia sanunggal/ nunggang mrakancana adi/ iku sumanggupa/ amatini raksasi//

251. Sang nata ngandika/ "hendinya wong dunya iku mangkin"/ sira patih matura/ "pakulun aneng nguntat"/ dan ling ngira sri bupati/ "lah rumihina/ aneng ngarep ngong ngikik"//

252. Raja Putra alinggih aneng ngarasa/ ing kursi gading *-[57b]-* nga-linggih/ sang nata angandika/ "lah linggya anak ingwang"/ raja putra nulya alinggih/ sang nata mojar/ "apa karya maring langit"//

253. "Karya amba ingngutus dera sang nata/ saking Sangsyan niki/ angulati usada/ dening sira Sri Naranata/ ing mangke amba mulih/ amring sor iku"/ Raja Asrak maka angling//

254. "Sira kaki sapa adwe putra"/ raja putra aturnya aris/ "amba putrane sang nata/ ing negareng Puspakerma/ putrane amung sawiji/ amba *-[58a]-* kewala/ kalangane kaki"//

255. Wong luhur sira kaki anak ingwang/ mangke ingsun neda asih/ den gulusih ira/ angaku ingsun bapa/ tulungena ingsun kaki/ tingkah manira/ kinepung dening raksasi//

256. Pgat wacana pupundutan nulya prapta/ lumintu saking jro puri/ ya ta dadaharan/ sakweh mantri punggawa/ dmu dmang arya pati/ ngabeh ika/ kabeh samya ambakti//

257. Raja Putra akemulan sang nata/ aswe deng ambakti/ wus denya adaar/ *-[58b]-* lumintu kang jawantah/ sampuning mangkana neki/ lebar dadaharan/ sasaksana mangani sama//

258. Adan metu jaba kering dene jim ika/ nulya suriak gumirih/ kang detya sdaya/ samya anambuta sela/ tur sang wiaguti/ detya sdya/ Raja Putra nulya aglis//

259. Aneng ngarsa teteken anggesira ayun-nayunan aglis/ sang detya punika/ agutuking sela/ kadi uda tebeng siti/ dan raja putra/ anyuduk dening lalidi//

260. *-[59a]-* Sing k[e]na sinuduk detya kang pjah/ abanting pribadi/ angamuk kang detya/ denira Raja Putra/ sareng bala jin/ angambak gagana meten raksasi//

261. Raja Putra anyunduk sakatahira ing detya/ akeh kang detya kang mati/ sasinane kang pjah/ palayu ngungsi untat/ Raja Putra amburuni/ kapapak sira/ denira Raja ing prit//

262. Sasikepe watu agung ika/ sarwi ngerak-ngerik/ "Eh mati kajolma/ paksira lawan ingwang/ hendi tanpa rariki, tan urung -*[59b]*- pjah/ dening gegutuk mami//

263. Ya ta ginutuk sira Raja Putra/tinakis deni lalidi/ tinitir ambala/ Raja Putra ayatna/ Raja Putra anyudukin/ Ratu ni detya/ kapisanan dining lalidi//

264. Angrak-ngerik abanting pribadinira/ Raja ing prit angangemasin/ kang detya sedaya/ aningali ratuia/ sampun angangemasin pati/ nulih malaywa/ detya sadaya iki//

265. Kang sinuduk binuru dening rahadian/ sareng lawan bala jin/ binuru kang detya/ akeh kang detya -*[60a]*- kang pjah/ sisanira kang mati/ angungsi arga/ yata keseleking wangi//

266. Raja Putra mantuk maring jro desa/ kiniring dening bala jim/ wus manjing jro nagara/ laris maring paseban/ umareking maring sang ngaji/ pinekulan sira/ sarwi ngucap Sri nrapati//

IX. Puh Sinom

